

Jwenn Proteksyon Anplis ak Vaksen COVID-19 (KOWONAVIRIS) 2024-2025 la!

Pou Granmoun ki gen 65 ane oswa pi plis ki gen DEFISYANS SISTÈM IMINITÈ (IMMUNOCOMPROMISED) a

Moun ki gen plis chans pou yo malad grav ak COVID-19 (KOWONAVIRIS) epi ki ka benefisye pwoteksyon anplis gras ak yon vaksen gen ladan yo:

- Granmoun ki nan laj 65 an ak pi gran
- Endividi ki gen sis (6) mwa ak pi gran ki gen sistèm iminitè yo ki fèb lejèman oswa ki fèb anpil (defisyans sistèm iminitè (immunocompromised)).

REKÒMANDASYON SANT POU KONTRWÒL AK PREVANSYON MALADI YO (CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION, CDC):* *

NAN LAJ 65 ANE OSWA PI PLIS

DEFISYANS SISTÈM IMINITÈ (IMMUNOCOMPROMISED) (6 MWA AK PI GRAN)

- Pran **De (2) dòz** nan entèval sis mwa (oswa omwen de mwa ant dòz yo)
- Si ou pa vaksinen epi ou pran vaksen COVID-19 (KOWONAVIRIS) Novavax (Novavaks) 2024-2025 la kòm seri inisyal ou, ** li rekòmande pou ou pran **DE (2) dòz** Novavax (Novavaks), answit yon **twazyèm dòz** nenpòt vaksen COVID-19 (KOWONAVIRIS) sis mwa apre.

- Pran **De (2) dòz** nan entèval sis mwa (oswa omwen de mwa ant dòz yo)
- Si ou pa vaksinen, fini seri inisyal yo ak vaksen COVID-19 (KOWONAVIRIS) 2024-2025 la, answit **YON (1) dòz** vaksen COVID-19 (KOWONAVIRIS) 2024-2025 la sis mwa apre.
- Ou ka pran dòz vaksen 2024-2025 siplèman apre ou fin pale ak founisè swen sante ou a.

Pale ak founisè swen sante ou a epi vizite
cdc.gov/covid/vaccines/stay-up-to-date.html

CHACHE VAKSEN EPI PRAN VAKSEN!

Vizite vaccines.gov

Pou plis enfòmasyon, vizite nj.gov/health/vaccines/covid-19 oswa eskane kòd QR la →



Vaksen, dòz, ak tan ke yo rekòmande yo ka varye selon laj ou, antesedan vaksinasyon ou, ak eta sante medikal elemantè ou (tankou, maladi sik, twò gwo, tansyon wo elatriye). Pale ak founisè swen sante w la pou wè sa k ap pi bon pou ou. Pou plis enfòmasyon, vizite cdc.gov/covid/index.html.

** Seri inisyal yo se kòmansman oswa premye dòz vaksen ki nesèsè pou ede pwoteje pou pa vin malad grav ak COVID-19 (KOWONAVIRIS).